

No. 168

DEKRÈ EGZEKITIF

DEKLARASYON IJANS KATASTWÒF NAN SENK KATYE VIL NEW YORK YO AK KONTE DUTCHESS, NASSAU, ORANGE, PUTNAM, ROCKLAND, SUFFOLK AK WESTCHESTER KI ENKÒPORE REJYON OTORITE TRANSPÒ METWOPOLITENAN NAN ETA NEW YORK LA

LÈ NOU KONSIDERE, Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) se pi gran rezo transpò nan kontinan Amerik Dinò a, k ap sèvi yon popilasyon 15.3 milyon moun nan yon sipèfisi 12,950 kilomèt kare ki etann soti Vil New York la pase nan Long Island, zòn lès Eta New York la ak Connecticut;

LÈ NOU KONSIDERE, Long Island Rail Road se tren banlye ki gen plis anbouteyaj nan Amerik Dinò a, k ap pote 301,000 kliyan an mwayèn chak jou lasemèn sou 735 tren chak jou;

LÈ NOU KONSIDERE, plis pase senk milyon kliyan itilize sistèm tren ak subway MTA a chak jou, pi plis pasaje l te ka genyen nan istwa l, anpil nan yo pa gen lòt mwayen transpò abòdab ki san danje pou satisfè bezwen yo chak jou;

LÈ NOU KONSIDERE, transpò komen regilye, efikas ki san danje rantre soti nan Vil New York la nesèsè pou mentni vyabilite ekonomi Eta New York la, pwoteksyon ak mwayen pou rezidan ak vizitè Eta yo viv;

LÈ NOU KONSIDERE, te gen anpil pàn k ap kontinye rive nan ray tren yo, siyal yo, switch yo ak lòt enfrastrikti transpò atravè sistèm lan yo ki gen ladan Pennsylvania Station ki sitiye nan Konte New York la (Penn Station), sa ki te lakoz plizyè derayman nan subway yo, gwo pàn nan ray yo, ak anpil disripsyon nan sèvis k ap gen enpak sou sante ak sekirite anpil santèn milye pasaje;

LÈ NOU KONSIDERE, pàn ki gen ladan twa derayman subway yo - tren A nan West 128th St la 27 Jen 2017; tren Amtrak la nan Penn Station lan 24 Mas 2017 la; ak yon tren NJ Transit nan Penn Station 3 Avril 2017 - ak lòt ensidan tankou tren F la ki te kole ant West 4th Street ak estasyon Broadway-Lafayette la san klimatizasyon oswa kouran pandan plis pase inèdtan 5 Jen 2017 la; yon tren NJ transit te kole nan yon tinèl pandan 3 zèdtan 15 Avril 2017 la san kouran oswa klimatizasyon, yon pwoblèm kondisyon dlo 9 Janvye 2017 la nan liy F la nan West 4th Street; pwoblèm nan switch siyal yo 24 Janvye 2017 la sou liy D a nan 59th Street-Columbus Circle; yon ray kase 6 Mas 2017 sou liy N lan Queensboro Plaza; yon pwoblèm siyal nan yon kay 24 Avril 2017 sou liy D a nan Dekalb Ave; yon pwoblèm kouran 30 Me 2017 sou liy a nan Queens Plaza; yon pàn sikwi nan yon ray 9 Jen 2017 la sou liy C a nan Jay St.-Metro Tech; pwoblèm siyal 20 Jen 2017 sou liy D a nan 34th St. Herald Square; ak lòt derayman ak pwoblèm ki gen rapò ak enfrastrikti yo.

LÈ NOU KONSIDERE, pàn k ap kontinye gen nan ray la yo, nan siyal yo, switch yo ak lòt enfrastrikti atravè sistèm tren ak subway MTA yo, twòp moun k ap itilize yo pandan senkant dènye ane ki sot pase yo, ak pàn nan Penn Station yo, te gen yon trè gwo enpak devastatè sou sante, sekirite ak mwayen pou pasaje, touris, rezidan Nouyòkè yo ansanm ak biznis ak komès nan Distri Transpò Pasaje Metwopoliten an (Metropolitan Commuter Transportation District, MCTD), ki se motè ekonomik rekoni Eta New York la, epi akòz de sa, pàn yo te afekte ekonomi an nan yon fason negativ;

LÈ NOU KONSIDERE, pou nou abòde pàn nan Penn Station lan yo, Kòporasyon Pasaje Tren Nasyonal la (National Railroad Passenger Corporation, Amtrak), ki se pwopriyete Penn Station lan, planifye yon seri reparasyon k ap fèt sou ray, nan siyal yo, switch yo, ak lòt enfrastrikti transpò nan Penn Station yo (Pwogram Reparasyon Amtrak la), yo pwograme reparasyon sa yo ap kòmanse soti Jiyè 2017 la rive Out 2017 epi pral gen plizyè pàn ak entèripsyon sèvis tren yo;

LÈ NOU KONSIDERE, pàn ak entèripsyon sèvis tren yo ki nesese pou yo ka egzekite Pwogram Reparasyon Amtrak la ak lòt reparasyon nesese pou repara ray yo, siyal yo, switch ak lòt enfrastrikti transpò atravè tout sistèm tren ak subway MTA a, ap nesese pou pwoteje sante ak sekirite popilasyon an epi sa pral lakoz plis enpak devastatè sou pasaje yo, touris, lòt Nouyòkè yo, ansanm ak biznis ak komès nan MCTD yo epi konsa tou l ap gen enpak sou ekonomi Eta New York la, epi sa pral rann transpò ki la deja lè gen katastwòf ijans yo pi mal akoz move kondisyon Penn Station lan ak sistèm tren ak subway MTA a an jeneral la ye a; epi,

LÈ NOU KONSIDERE, MTA ak afilye li yo dwe pran mezi konsiderab imedya pou ede repara ray yo, siyal yo, switch yo ak lòt enfrastrikti transpò yo epu nan medyasyon pàn sou ray sa yo ak entèripsyon sèvis yo akoz katastwòf ijans sa a;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, an vèti otorite mwen genyen dapre Seksyon 28 ak 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ap sispann pou yon ti tan dispozisyon espesifik nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa kèk pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a, si konfòmite avèk dispozisyon sa yo ta anpeche, jennen oswa retade aksyon ki nesese pou jere katastwòf la, avèk dokiman sa a mwen deklare yon ijans katastwòf nan tout Eta a epi m ap sispann pou yon ti tan, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska nouvèl òd, lwa swivan sa yo:

Seksyon 1266 Lwa Otorite Piblik la (Public Authorities Law) nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a

Seksyon 1209 Lwa Otorite Piblik la nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a

Seksyon 1265-a Lwa Otorite Piblik la nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a;

Seksyon 1265-b Lwa Otorite Piblik la nan mezi li aplike pou kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a;

Seksyon 2878 Lwa Otorite Piblik la nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a;

Seksyon 2879 Lwa Otorite Piblik la ak nenpòt gid yo pibliye sou li nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a;

Seksyon 2879-a Lwa Otorite Piblik la nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a;

Seksyon 2880 Lwa Otorite Piblik la nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a;

Seksyon 139-d Lwa sou Finans Eta (State Finance Law) la nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a;

Seksyon 139-i Lwa sou Finans Eta la nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a;

Seksyon 139-j Lwa sou Finans Eta la nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a;

Seksyon 139-k Lwa sou Finans Eta la nan mezi li aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans katastwòf sa a;

Atik 8 Lwa Konsèvasyon Anviwonmantal la (Environmental Conservation Law) ak tout règ ak règleman aplikab yo reyalize nan kad lwa sa yo, ki gen ladan, san limitasyon, 6 NYCRR, Pati 617;

Nenpòt règ, règleman oswa gid yo te etabli konfòmman ak, oswa nan kad reyalizasyon nenpòt nan dispozisyon lwa sa; epi,

Nenpòt lòt dispozisyon nenpòt lejislasyon Eta New York yo, lwa lokal, dekrè, òdonans, oswa yon pati ladan yo, ki ka aplike a kontra, lwaye, lisans, pèmi, pwogram oswa plan fonksyonèl, oswa lòt akò ekri moun ka antre nan kad rediksyon ijans sa a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany an nan ventnevyèm jou mwa jen ane de
mil disèt sa a.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a